ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№12 (22.920) • 2015 гъэм щІышылэм (январым) и 27, гъубж • ТхьэмахуэмтхуэкъыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министрым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым илъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министру гъэувын **Гуэбэшы Залым-Джэрий Іэбубэ и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм щІышылэм и 21
№25-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэу гъэувын **Лыхь Заур Іэбубэчыр и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм щІышылэм и 26
№8-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министрым и къуэдзэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм щІышылэм и 21-м *№16-рп*
Налшык къалэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министрым и къуэдзэу гъэувын **Бирюк Александр Анатолий и къуэр**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

КУЗНЕЦОВ Лев:

Кавказ Ищхъэрэм зыхуэбгъэдзн щымыІэ и теплъэм цІыхуэр къыдихьэхынущ

УФ-м Федерацэмкіэ Советым и Федеральнэ Зэхуэсым, Географиемкіэ урыс зэгухьэныгъэм, «КСК» ОАО-м, Москва и Правительствэм ирагъэкІуэкІ «КъызэригъэщІам хуэдэ Урысей» щІыхьэсымкІэ урыс сейпсо фестивалыр къыщыдзэІуахым ящэу утыку кърахьащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-мрэ зыплъыхьакІуэ, суроттех цІэрыІуэ Ланге Антонрэ зэгъуэзу ягъэхьэзырыр «Хребет» фІэщыгъэр зиІэ лэжьыгъэшхэр. Урысейм и суррт 500-м нэблагъэ къызэщІэзыуфыдэ проектыр фестивалым и купсэу къалъытащ.

- Сурэттех цІэрыІуэ Ланге Антон и Іэдакъэщіэкіхэм щыплъагъу Кавказ Ищхъэрэм зыхуэбгъэдэн щымыІэ и теплъэм цІыхуэр къыдихьэхынущ, - жиІащ фестивалыр къыщызэІуихым УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министр Кузнецов Лев. - Къэралым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ щэнхабзэ Іуэхугъуэ иным Кавказым апхуэдэ гупльитІ зэрыщигъуэтар и щыхьэтщ, къэралі унафэщІхэм, щІэныгъэ, творческэ зэгухьэныгъэхэм Урысейм и щыналъэ дахэр сыт и лъэныкъуэкІи ирагъэфІэкІуэну зэрыхуейм.

Министрым и псалъэхэм къызэрыхэщамкІэ, а Іуэхумкіэ мыхьэнэшхуэ иІэщ Федерацэмкіэ Советымрэ Географиемкіэ урыс зэгухьэныгъэмрэ мыбы щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм. КъищынэмыщІауэ, Кузнецовым жиІащ урысей туристхэм Кавказ Ищхъэрэм гупльитэшхуэ хуащІ зэрыхъуар. Псалъэм папщІэ, илъэсыщІэ мазхэшхуэхэм Кавказ Ищхъэрэм и бгыхэм щыІащ Урысейм и щыналъэ зэхуэмыдэхэм къикІа хьэщІэ куэд.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

КІуэкІуэ Юрий республикэм и Правительствэм и унафэщІхэм яхуэзащ

ЗэІущІэм гулъытэ хэха щыхуащІащ 2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекІуэкІам, къэкІуэну зэманым зэфІэгъэкІыпхъэ Іуэху нэхъыщхьэхэм. Блэкіа илъэсым зэфІагъэкІахэм теухуауэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я коллегиехэм ирагъэкІуэкІыну зэІущІэхэр щагъэхьэзырыкІэ 2015 гъэм тэмэму лэжьэн папщІэ дэтхэнэ Іуэхури щызэфІагъэкІыну пІалъэмрэ абы и лъэныкъуэкІэ жуап зыхьхэмрэ яубзыхун хуейщ.

КъБР-м и Іэтащхьэм къалэн зыбжанэ къыгъэуващ ветеранхэр псэупІэкІэ кІыжьгъэпэщыным, Хэку зауэшхуэм хэтахэм я зыгъэпсэхупІэу Іуащхьэмахуэ лъапэм къыщыдзэІуахынур икІэ щыпІэкІэ хьэзыр щыным, «Налшык зауэ щІыхьым и къалэщ» дамыгъэр республикэм и къалащхьэм щыгъэувыным хуэгъэзауэ. Апхуэдэу абы жиІащ Шэрдж районым щыщ Жэмтхьэлэ Ипщэ кІуачІэм дэт еджапІэу илъэс тІощым щІигъуауэ кьагъэсэбэп мыхьэжыр зэрагъэпэщыжьын папщІэ «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэм нэгьабэ зэрыхагъэхьар. А шкОлыр зыхуей хуэгъэзэн папщІэ сом мелуан 200-м щІигъу къыхуауатІыпщащ икІи лэжьыгъэхэр дызэрыт илъэсым къриубыдэу зэфІагъэкІынущ. Лъэнтхуэ узыфэхэм щеІэзэ центру Прохладнэ къалэм щаухуэри а зэман дыдэм фІэмыкІыу, Налшык щащІ Перинатальнэ центрыр 2016 гъэм и кум ирихьэлІэу хьэзыр ящІын хуейщ.

Автовокзалу тІу уухэным, Аруан районым автодром щыщІыным, гъущІ гъуэгу вокзалыр къалэм дэхьыным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий жиІахэм ердІуа нэужь КъБР-м и Іэтащхьэм къигъэуващ абы и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІхэр нэхъри щІагъэхьэбжьэну, республикэм и логистикэ Іэнатіэм и щытыкІэр щІапщыкІыну. Пассажир транспортым и нэхъыбапІэр къызэрагъэсэбэп хьэну зэманыр куэд щІауэ икІащ, къыжигъащхьэхуІащ КІуэкІуэ Юрий. Абы къыхэкІыу гъэгухэм къыщыхъу щІэщхьуэхэр егъэлеяуэ куэдыІуэщ, абыхэм фэбжь щызыгъуэтхэмрэ хэкІуадэхэмри я бжыгъэм кІэрыхуркъым. Республикэм и Іэтащхьэм КъБР-м и Правительствэм и пщэ ирилъхьащ къэрал транспорт предприятэ къызэгъэпэщыным егупсысыну, «Шынагъуэншагъэ здэщыІэ къалэ» системэм зегъэужьыным, ар къэгъэщІэрэщІэжьыным трагъэкІуэдэн папщІэ уней мылъкуу сом мелуан 300 хуэдиз къызэщІэуІуэнымкІэ дэІэпыкъуэгъу хьуну.

Къаруушхуэ 2015 гъэм зыхуаунэтІыну Іэнатіэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ мэкъумэш хозяйствэр. Хэхауэ егупсысын хуейщ гъавэу кърахьэлІэм хэгъэхъуэным, консерв промышленностым зегъэужьыным, лышхуэ зытезыпІхьэ, гъэшыфІэу щыт Іэщщэр нэхъыбэ щІыным, зэгуэр ахъшэшхуэ трагъэкІуадэу яухуауэ щыта предприятэу иджыпсту къамыгъэсэбэпхэр зэтегъэувэжьыным. Тхьэусыхафэ куэд щыІэщ фермер хозяйствэхэм зеГъэужьыным хуаунэтІын папщІэ къаутІыпщ ахъшэр зэрытрагаушэ щыкІэм теухуауи. Блэкіа илъэсхэм къэрал субсидиехэр зратауэ щыта фермер 65-м ящыщу ахъшэр къызэрагъэсэбэпамкІэ отчетхэр зытахэр 5 къудейрщ.

Нобэми унафэ пыухыкІа тращІыхьакъым Налшык къалэм дэт Гидрометзаводым къихь зэранигъэр гъэмэщІэным. А предприятэр зи мылъкуу щытхэм хуагъэуващ, заводыр гъэІэпхъуэным е зэхуэщІыжьным теухуа унафэр къащтэху, абы къашэ зэранигъэхэр гъэмэщІэн папщІэ зыхуэфащэ псори ялэжьыну.

Театрхэм я унэр, Сабийхэм творчествэмкІэ я унэр зэрызэрагъэпэщыжьым тепсэлыхьащ республикэм и Правительствэм и Унафэщі къэзытахэм иращІыла зэгурыІуэныгъэр - абы дэ щІым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэм щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министр Емуз Нинэ, хуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министр Тутыкъу Анзор ымэ.

«А Іуэхущ1апІитми, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий, - махуэ къэс я нэІэ трагъэтын хуейщ ухуэныгъэхэм я унафэщІхэм».

ЗэІущІэм щыхэпльащ бюджетым и Іэнатіэ псоми халъхьэ налогхэр нэхъ ирикъуу къыхэхынымкІэ щыІэ Іэмалхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ципрас Алексис зи пашэхэм Іэ хуаІэт

Европэ псор кІэлъыплъащ тхьэмахуэ махуэ кІуам Алыджым щекІуэкІа парламент хэхыныгъэхэм. Абы и щхьэусыгъуэр хэхыныгъэм кърикІуэнухэм ЕС-м и дежкІи мыхьэнэшхуэ яІэу къызэралъытэрщ.

Хэхыныгъэхэм щытекІуащ «Сириза» оппозиционнэ партыр, Іэ зыІэтахэм я процент 37-м нэблагъэ зи телъхьэу къыщІэкІар. Депутат 300 хьу парламентым а партым щыщу щыхуи 149-рэ иджы хэтынущ.

Европэ къэралхэм я унафэщІхэм ящыщ куэдым яб зыщІыркъым абы и Іуэху епльыкІэхэр зэрыдамыныгъыр. Апхуэдэу щытми, партым и унафэщІ Ципрас Алексис щІыхьэм я фІэщ ищІыфащ ЕС-м нэхъапэм къарита щІыхьэхэм пэкІуэу алыджхэм ябгхэр щІалъхьуэн хуейуэ къэзыгъэувэхэм къэралым щыпсэухэр бэлыхь зэрыхадзар.

«Алыдж щІыхьбэм нобэ кьагъэлъэгъуащ адэкІи апхуэдэу псэуну зэрыхуэмейр. Абыхэм къызэпаудащ щыхуэ къезытахэм иращІыла зэгурыІуэныгъэр - абы дэ щІым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэм щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министр Емуз Нинэ, хуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министр Тутыкъу Анзор ымэ.

«А Іуэхущ1апІитми, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий, - махуэ къэс я нэІэ трагъэтын хуейщ ухуэныгъэхэм я унафэщІхэм».

ЗэІущІэм щыхэпльащ бюджетым и Іэнатіэ псоми халъхьэ налогхэр нэхъ ирикъуу къыхэхынымкІэ щыІэ Іэмалхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

И хъуэпсапІэр къехъулІащ

США-м хыхьэ Майами къалэм щызэхэтащ «Дунейм и пщащэ нэхъ дахэ дыдэ-2015» зэпеуэм и КІэух Іыхьэр. Абы хэтащ къэрал 88-м я хъыджэбз зэкІужхэр.

А зэхьэзэхуэм щытекІуар Колумбием щыщ Вегэ Паулинэщ. ЕтІанэ увыпІэр къихьащ Санчес Ниа (США), Гаркущэ Дианэ (Украинэ) ещанэ хъуащ. Зэпеуэм и кІэух Іыхьэм хэтыну къыхахахэм яхэхуакъым УФ-м щыщ Алиповэ Юлие.

«Уэрэдыдахэм нэмыщІ, уцІыхубз гуакІуэу, угубзыгъэу, унатІуэ Іуэхухэри зэкІэлъыІэсыгъэкІуэфу, цІыху хэтыкІи зыщІэу укъалъытэныр егъэлеяуэ гуапэщ. Дэтхэнэ цІыхубэри захъуапсэ а насыпыр сэ схуэфащэу сыкъыпльытащи, а ехьулІэныгъэм ихьэкІэ «Сыщогуфыкі», - жиІащ илъэс 22-рэ фІэкІа мыхъуауэ дуней псом къыщацІыхуа Паулинэ.

НОБЭ

♦Нацизмэм ихьахэм я фэеплъым и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и дзэ щІыхьым и махуэщ. Ар ягъэуващ 1944 гъэм Ленинград къалэр блокадэм къызэрикІам и щІыхькІэ.

♦1904 гъэм урыс-япон зауэм щІидзащ.

♦1941 гъэм «КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр» щІэ лъапІэр ягъэуващ.

♦1968 гъэм Къэрал музыкэ театр Налшык къыщызэІуахащ.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Хьэгъэжей Джонсон** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Композитор, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Жырыкъ Заур** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бэрэгъун Руслан** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым 1 градус щІыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Благъэ хъумэнрэ ху хъумэнрэ зэхуэдэщ.

УзыщыгуфІыкІ хъун Іуэхугъуэ

• Ухуэныгъэ

2011 гъэ лъандэрэ Налшык и «Дубки» хьэблэм щаухуэ Перинатальнэ центрыр и КІэм нэгъэсыным, ар иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ къызэгъэпэщыным теухуа зэгурыІуэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм капитальнэ ухуэныгъэмкІэ и къудамэмрэ медицинэм интегрированнэ Іэмалхэр ухуэныгъэныкІэ «ЮНИКС» урысей компаниемрэ нэгьабэ дыгъэгъазэм и 26-м зэращылІащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭР здынэсам щытепсэльыхьащ сымаджэщыр ухуэныкІэ штабым щІышылэм и 23-м щызэхэта зэІущІэм. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкІэ и министр **Тутыкъу Анзор**. Перинатальнэ центрым цІыхубз уэндэгъуэм, анэ хъуэхэм, къалъхуагъащІэхэм щащІэлъыплъынущ, узыфэ зиІэ сабийхэм япэ мазэхэм щеІэзэнущ. Абы метр зэбгъузэнатІэ мин 30-м щигъу еубыд, сымаджэщыр гъэлъапІи 130-м тещІыхьащ.

«Юникс» компанием ди къэралым медицинэ Іуэхущ1апІэ зыбжанэ щиухащ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщІэ, Герцен и цІэр зэрихьэу Мэзкуу щылажьэ Онкологие институтыр, Красноярск крайм щыІэ Перинатальнэ центрымрэ Онкологие диспансеримрэ, Дон Іус Ростов дэт ЩІэныгъэ-къэхутакІуэ онкологие институтыр, нэгъуэщІхэри. Иужьрей зэманым компаниием гъунэ хъарзынэ щрилъхэм ящыщщ Кавказ Ищхъэрэм.

- Ди Іэщ1агъэлІхэр зэуэ проектитІым яужь ихьащ, - жиІащ компанием и генеральнэ директор **Троценкэ Владимир**. - Зыр Налшык, адрейр Дагъыстэным и къалащхьэ Мэхъэчкъалэ къыщыунэхун хуей перинатальнэ центрхэращ. Проектхэр щызэхэдгъэувэм, бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэхэм дыльыхъащ, ахэр зэхьэлІа щылналъэхэм я зэхэлъыкІэмрэ сейсмологие и лъэныкъуэкІэ щыщыІэ щытыкІэхэмрэ зэрызэхуэмыдэм кьахэкІыу. Налшык щыдухуэ Перинатальнэ центрыр зыхуей хуэгъэзауэ къызэлІутхэным пІалъэу тхуэгъэкІар 2016 гъэм и накъыгъэ мазэ пщІондэщ.

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ зэман гъунэгъум компанием илэжьыну и мурадхэм, технологие и лъэныкъуэкІэ къиГъэсэбэпыну Іэмалхэр зыхуэдэм, ухуакІуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэрызэригъэпэщынум, нэгъуэщІхэми.

Къызэхуэсахэм зэдзэарзэныр къыхагъэщащ, перинатальнэ центрхэр щаухуэн папщІэ, УФ-м и федеральнэ бюджетым ахъшэ зыхухигъэкІа щІыналъэ 30-м Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыхагъэхьар узыщыгуфІыкІ хъун Іуэхугъуэ зэрыщытыр.

Тхыгъэри сурэтхэри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

Ди къуэш республикэхэм

Зэрызэрагъэпэщыжым кІэлъоплъ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Іэтащхьэм Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым хэт реабилитацэ къудамэм щыІащ, ар зэрызэрагъэпэщыжар зригъэлъэгуащ.***

НЭХЪАПЭМ сабийхэм реабилитацэ дэІэпыкъуныгъэ щагъуэту щытар абы хуэмыщІа «Солнышко» санаторэщ. Цыху куэд щыпсэу Мейкъуапэ и щыпІэм хиубыдэ ухуэныгъэм хьыхь санаторэр сыт и лъэныкъуэкІи зэрагъэпэщыжщ, зыхуей псомкІи къызэрагъэпэщри сабий сад ящІащ икІи 2014 гъэм и кІэм абы цІыкІу 240-рэ къыщтащ.

Илъэс 18 ныбжьым нэс сабийхэм реабилитацэ стационар медицинэ дэІэпыкъуныгъэр иджы къызэрегъэпэщ республикэ сабий сымаджэщым и къудамэм.

Адыгейм и Іэтащхьэм къудамэм зыщІапльыхьащ икІи ар гунэс зэрыщыхъуар жиІащ. Медицинэ лэжьакІуэхэм зэфІагъэкІ Іуэхутхьэбзэхэм абы щыгъуазэ зищІащ.

- Зыхуэдэуныжа мурадыр зэдгъэхъуІащ. Иджы сабийхэм зыхуэныкъуэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ нэщІыса ягъуэтынущ. Мы Іуэхугъэм хухэтха мылъкур мыхьэнэ иІэу кьагъэсэбэпащ, сабийхэри куэдкІэ нэхъыфІу къызэгъэпэща хъуащ, - къыхигъэщащ республикэм и Іэтащхьэ Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрий.

2015 гъэр Литературэм и илъэсщ. Апхуэдэ Іуэхур къыхалъхьащ жылагъуэм литературэм, тхыль еджэным гулъытэ хуэрагъэщІыжьын мурадкІэ. Абы и лъэныкъуэкІэ «Адыгэ псалъэ» газетми лэжьыгъэшхуэ зэфІегъэкІ, и напэкІуэцІхэм щІэх-щІэхыурэ кьытохуэ лъэпкъ литературэм щыщ тхыгъэ куэд. КъищынэмыщІауэ, газетым и щІэджыкІакІуэхэм ярегъащІыху дунейпсо литературэм и тхыгъэ курыххэр.

Нобэрей къыдэкІыгъуэм и 4-нэ напэкІуэцІым фыкъыщеджэ ПхьітІыкІ Юрэ иджыблагъэ къыдигъэкІа «Дадэ и жыг хадэ» сабий тхьылъым ихуа усэхэм щыщ.

ТекІуэныгъэ Иным и махуэм зыхуагъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид «ТекІуэныгъэ» къызэгъэпэщакІуэ комитетым и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Мы гъэм мыхьэнэшхуэ зиІэ махуэр - Хэку зауэшхуэр ТекІуэныгъэ ИнкІэ зэриухрэ илъэс 70 зэрырикъур - гъэлъэпІэным теухуа Іуэхугъуэхэр абы къыщаІэтащ.***

- ТЕКІУЭНЫГЪЭШХУЭР илъэс 70 ирикъуным къэнэжар мащІэщ. Пэжыгъэ ин къыптэщылъщ, куэдым дыхуэнэсын хуейщ. ТекІуэныгъэм и юбилейр ди къэралым, абы щыпсэу дэтхэнэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ, Хэку зауэшхуэм хэта цІыху мелуанхэм, абыхэм къатепщІыкІыжахэм я махуэшхуэ нэхъ лъапІэ дыдэщ ар. 2015 гъэр абы теухуауэ щытпхъэщ, - жиІащ Темрезовым зэІущІэр къыщыдзэІуихым.

Республикэм и Іэтащхьэм муниципалитетхэм я тхьэмадэхэм защыхуигъазэм ТекІуэныгъэ Иным и махуэшхуэм зыхуэгъэхьэзырыныкІэ республикэ властхэм я унафэхэр ягъэзэщІэну, къалэхэмрэ районхэмрэ щыпсэу ветеранхэр зыхуэныкъуэхэм гулъытэ хэха хуащІыну, къищынэмыщІауэ мемориал фэеплъхэмрэ дзэ обелискхэмрэ зыхуей хуагъэзэну яхуигъэуващ.

КъШР-м и Іэтащхьэм фэеплъ акцэхэр егъэкІуэкІыным ехьэлІа къалэнхэр министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лЫкІуэхэм къалэн ящищащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Кавказ Ищхъэрэр зыхуэбгъэдэн щымыІэ и теплъэм цІыхухэр къыдихьэхынущ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

- Проектым хэту дэ зыщыгтплъыхьащ щыналъэм и къухьэпІэ лъэныкъэм щыщІэдзауэ къуэкІыпІэмкІэ Кавказ кърш нэхъыщхьэм екІуэкІыу, тенджыз ФІыцІэм щегъэжьауэ Каспий тенджызым нэс, - жиІащ Панге Антон. - Ябгьнэжа щыналъэхэр, къуэзригъэщІам хуэдэ щыІуэпсыр, лІэщІыгъуэкІэрэ цІыхухэм къадекІуэкІ хабзэхэр, лъэпкъхэм я щэнхабзэр, диныр - мис ахэр псори зэхэуэхунуэ бгылъэщІыналъэ иным и теплъэр къагъэщІ. СыщогуфІыкІ зыхуэбгъэдэн щымыІэ щыналъэм и художественнэ рассказ апхуэдиз зэманым къриубыдзу ялэу къыздэсыдзагъэпэщыфам.

Ланге Антон зэрыжиІэмкІэ, проектым лъабжьэ хуэхъуар Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупІэхэр къыщыдзагъэпэщ щыналъэхэрщ. Ахэр Къэрэшей-Шэрджэсым и Архъыз, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуащъхьэмахуэ лъапэ бгым лъэрыжкІэ къыщежэх я курортхэщ, апхуэдэу мыгувэу аухуэнущ Шэшэным и Ведучи, Ингушым и Армхи, нэгъуэщІ зыгъэпсэхупІэ щыпІэхэри.

- Цыхухэм Кавказ Ищхъэрэр щІэуэ къахуэзІуухынщ, щыналъэм дегъэхьэхынщ, абы кІуэну гупыж яІэу щыныр, урысей лъэпкъ щэнхабзэм и увыпІэ щхьэхуэ щиубыду Кавказым иджырей художественнэ теплъэ иІэу къэзгъэзгъуэнщ - мис ахэращ «КСК» ОАО-мрэ сэрэ ди проектым и кьалэн нэхъыщхьэр, - къыхигъэщащ Ланге Антон.

Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ и министр Мединский Владимир фестивалыр къыщызэІуахым ираущэкІ гуфІэгъуэ зэІуущІэм щыжиІащ, гъэлъэгуэныгъэм кърихьэлІа хьэщІэхэм сурэтхэм ит щыпІэ дахэхэм еплъа нэужь, ахэр я нэкІэ зрагъэлъагъуну, абыхэм зыщагъэлъхьыну гупыж зэращІэнум шэч къыздэрытримыхьэр. Абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ нэгъабэ «КъыдзэригъэщІам хуэдэ Урысей» фестивалым цІыху мини 100-м щІигъу зэрыхэтар. Министрым жиІащ мы гъэм а ОжкыІэр мини 150-м зэрыфІэкІынур.

«КъыдзэригъэщІам хуэдэ Урысей» фестивалыр щІышылэм и 23-м щыщІэдзауэ мазаем и 22 пщІондэ екІуэкІынущ.

БИГАЕВЭ Тамарэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Іуэху куэдым ягъэпІейтей

КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэІуущІэ зэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ Премьер-министр Мусуков Алий.

ЯПЭУ псалъэ зратар КъБР-м гъуэгу хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къунижь Вячеславщ**. Ар тепсэлъыхьащ и нэІэ щІэт ІэнатІэм 2015 гъэм кьыпэщыт лэжьыгъэ зыхуэдэнум. Абы жиІам техуэуэ къащта унафэм къыщыгъэлъэгъуащ, гъуэгухэм елэжьынкІ папщІэ кьащэхун хуейр, щІыхь зтельыр зэрапшынысжынур, муниципальнэ гъуэгу Іуэхущ Іапіэхэм субсидие иратынур, щІыыпсэ къэхъуакъщІэхэм зэтракъутэр зэрызэрагъэпэщыжынур, нэгъуэщІхэри.

КъБР-м транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къудей Арсен** и гугъу ищІащ республикэм и Правительствэмрэ «Кавказ Ищхъэрэ пассажир компаниемрэ» зэращІынІэ зэгурыІуэныгъэм.

ЗэІуущІэм къыщыздащта унафэхэм ящыщщ Іэщ гъэхъуным, мэкъумэшым елэжьхэм урысей кредит Іуэхущ Іапіэхэм, мэкъумэш кредит кооперативхэм (зэгухьэныгъэхэм) къыщащта щІыхуэм техьэ процентым и Іыхьэ хуапшыныным теухуар. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іи и къуэдз - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр **Дадэ МуІэед** къыздэрыихгъэщамкІэ, мы гъэм а Іэхум сом мелуани 125,629-рэ хухахащ.

Унафэ ящІащ жылагъуэ жэрдэмхэм щыхэпльэну лэжьакІуэ гуп къызэрагъэпэщыну. Министрхэр хэпльащ урыс лъэпкъым щыщу ди республикэм икІахэм къегъэгъэзжьынным хуэщхьэпэну Іуэхухэм. КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьнымрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ и управленэм и унафэщІ **КІуращын Анзор** къызэрегъэлъэгъуакІэ, урысхэм Іэпхъуэныр къызыхэкІыр республикэм и социально-экономикэ щытыкІэрщ.

Цыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныр зи пщэ дэлъ Іуэхущ Іапіэхэр нэхъыбэм дэІепыкъуэгъу яхуэхъун папщІэ нэхъ жыджэру зэрызэдзэкъэн хуейм кьытеувыІащ КъБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІепыкъунигъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт**. Абы къызэрыгъэщамкІэ, проектым кьыщыгъэлъэгъуащ лэжьапІэ Іэнатіэ зэгурыІуныгъэ щыІэ щІыгъуэм ирагъэуву сабийхэм я фондымрэ зэращІыпІэ зэгурыІуэныгъэм дыщІагъуэжам ипкъ иткІэ, ди республикэм ис сабийхэм я дзыхь зрагъэз хуэну телефон дяпэкІи зэрыщыІэнум. Гуныкъуэгъуэ зиІэ сабийр абы псалъэмэ, Іэщ ІагъэлІхэм чэнджащ щхьэпэ кьратынущ.

ЗэІуущІэм арэзы щытехъуащ МЧС-м и кьудамэу КъБР-м щы Іэм электромеханикэ мобильнэ хьыбарегъащІэ Іэмэпсымэу 30 кьращэхуну сом мелуани 150-рэ хухахыным.

Къызэхуэсахэм я гугъу ящІащ 2014 гъэм и иужьрей мазищым КъБР-м и Правительствэм и зэІуущІэм щаубзыхуахэр гъэзэщІа зэрыхъуам.

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ, Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министерствэхэр, Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетыр зэрылажьэ Положенэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэІуущІэм щыхалъхьащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

КъалэныщІэхэр яубзыху

● ЗэІуущІэ

Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм къызэдгэкІа 2014 гъэм я лэжьыгъэм кърикІуахэр щызэхалъхьажащ, дызыхьхьа илъэсыщІэм и яп мазищым къапэщытащ къалэныщІэхэр щаубзыхуащ. ЗэІуущІэм гуІэитэ щхьэхуэ щыхуащІащ илъэс кІуам кърикІуахэр къэлъытауэ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ органхэм я лэжьакІуэхэм я лэжьыгъэр нэхъри егъэфІэкІуэным.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэм и къуэдзэ полицэм и полковник **Тату Къазбэч**, Налшык къалэм и прокурор юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжь **Лъостэн Залым**, КъБР-м и Парламентым законностымрэ хуитныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Кривко Михаил**, Налшык къалэ округым и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Къуэдокъуэ Мухьэмэд**, УМВД-м и деж щыІэ Налшык къалэ ЖыІагъуэ советым и тхьэмадэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн** сымэ.

КьызздэкІа 2014 гъэм я лэжьыгъэм КІуэхям зэпкърыхауэ къызэхуэсахэр щыгъэзэ щІащ зэІуущІэр езыгъэкІуэкІэ Урысей МВД-м и Налшык къалэмкІэ и управленэм и унафэщІ полицэм и полковник **Егграев Марат**.

ЗэІуущІэм къызэрыщагъэлъэгъуащи, 2014 гъэм щІэпэхьаджагъэу Налшык къалэ щатхар нэхъ мащІэ хуащ. Административнэ хабзэр кьыззэпемыгъэудыным ехьэлІауэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІащ икІи административнэ жэуапым цыху 16479-рэ ирашэлІащ.

Управленэм и унафэщІым кьыхигъэщащ зэриплъэж 2014 гъэм цІыху куэд зэкІуалІэ Іуэхугъуэ 1821-м, абыхэм ящыщщ спортым ехьэлІауэ 387-р, диным пыщІауэ 51-р, пэкІу 14-р, жылагъуэ щынагъуэнщагъэр кьызэрыщызэрагъэпэщащ.

Налшык къалэ щытыкІэр зыхуэдэм, ар зэтесу щытыным ехьэлІауэ зэфІагъэкІэм теухуауэ къэпсэлъащ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр.

УМВД-м и унафэщІым гулъытэ хуищІащ Іэнатіэ, кьулыкъу хэхахэм щІэпсэлъащ. Абы щыгъуэ ирагъэкІуэкІ пэжыгъэм.

ЩытыкІэр зыхуэдэм, абы зегъэужьын и лъэныкъуэкІэ Управленэм и унафэщІхэм хуагъэуваш щІэпхъаджагъэм ебэныным щІэтэхузбжьэным теухуауэ 2015 гъэм и яп мазихым тещІыхьа кьалэн пыухыкІахэр.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэм и къуэдзэ полицэм и полковник Тату Къазбэч Управленэр зриплъэж лъэхъэнэм и ныкъусаныгъэхэр кьилъытэу, щІэпхъаджагъэхэр кьалэм щыгъэмэщІыным я къарур нэхъри хуэзщІагъэуІуэн зэрыхуейр кьыхигъэщащ.

Зэрыщыту кьапщтэмэ, Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и лэжьыгъэм щызыІэрагъэхьа ехьулІэныгъэхэм гулъытэ хуащІри, ныкъусаныгъэхэр гъэзэкІуэжьынымкІэ хуэунэтІа Іуэхугъуэ хэхахэри яубзыхуащ.

ЗэІуущІэр Іуэхугъуэ гуапэкІэ ихуащ. Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэ полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей и унафэкІэ Налшык къалэмкІэ УМВД-м и лэжьакІуэхэм зи чэзу званиехэр хуагъэфащащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Куэд ягъэващ совет сэлэтхэм Хэку зауэшхуэм щыгуэ.
Сурэтыр 1944 гъэм трахащ.

● Зауэ гъуэгуанэхэр

Хэку зауэшхуэр ихуа нэужьи, гуэзвэгъэшхуэ хэтыжащ нэмыцхэмэ гъэр ящІауэ щыта совет сэлэт минищэ бжыгъэхэр. Нэмыцэ-Іуэхэм щагъэва бэлыхьым нэмыщІ, абыхэм къэралым и тутнакъэщхэми гуГуьехь куэд щашэчащ. А сэлэтхэм я нэхъыбэр зи Хэкур фІыуэ зылъагъу, зи гъащІэр Дзэ Плъыжьым лыщІауэ щытахэрщ. Ауэ «гъэр щыІэкъым, щыІэр епцІыжакІуэщ» гупсысэм и зэранкІэ Хэкур зыхъума куэд ягъэкІуэдащ.

АР И НАТІЭ хъуат дзэ унафэщІ Мэремкъуэ Залым-Джэрий. И щхьэгъусэри ипхъуэхэри щыгъуазэкъым ар дапщэщ ІІами, щыщІалъхьа щІыпІэми. 1994 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м Аруан районым и дзэ комиссарым ЗыхъумэжныгъэмкІэ министерствэм хуигъэхьа тхьгъэм и жэуапу кьрагъэхьыжа дэфтэрым итщ:

«ЗыхъумэжныгъэмкІэ министерствэм щІэлъ дэфтэрхэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, Мэремкъуэ Залым-Джэрий Лэскэн районым хыхьэ Старэ Урыху (Хьэтуей) куэджэм 1910 гъэм кьыщалъхуащ. 1934 гъэм и щэкІэгъэуэм Краснодар щыІэ щыудзэ училищэр взводым и командиру кьиуащ. 1942 гъэм и щыщхьэуІу пщІондэ Дзэ Плъыжьым хэтащ. Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм пэрыту: Кавказ Ищхъэрэ щыналъэм и 4-нэ корпусым и 10-нэ дивизэм и 68-нэ полкым и взводым и командиру, СКВО-м и нацкав-бригадэм и 127-нэ полкым и гуп нэхъыщІэм и взводым и командиру, 6-нэ дивизэм и 34-нэ шудзэ полкым и эскадроным и командирым и къуэдзэу, Белорус дзэ округым и 6-нэ хъэзакъ шуудзэ полкым и командирым и къуэдзэу. 1941 гъэм и мэлыжьхьыбэм щегъэжьауэ абы и фокІадэ пщІондэ Кьухьэпіэ фронтым и 2-нэ танк корпусым и 38-нэ танк дивизэм и 38-нэ мотополкым и штабым и унафэщІым и дэІепыкъуэгъуэ щытащ. ТІэу уІэгъэ хъуащ - 1941 гъэм и фокІадэм, 1942 гъэм и щыщхьэуІум. 1941 гъэм и бадзэуэгъуэм фэбжьышхуэ игъуэтауэ щытащ».

- Си щхьэгъусэр зыхэта частыр Кьухьэпіэ Белоруссием, Лобж къалэм, щыІэт. Зауэр кьыщыхъея махуэм, 1941 гъэм мэкъуаугъуэм и 22-м, си хьыджэбзитІыр - Викэрэ Зинэрэ - сщІыгъуу, офицерэм я унагъуэхэм дащІыгъуу Кьэзан дашащ. Оршэ станцым деж бийм и авиацэр кьытхэуэу щІидзащ. Зэи сигу ихуикуэм, си бынхэри нэгъуэщІ сабийхэри кьеэзгъэлІу си гугъэу, гуэзвэгъуэр стелъу лъыпсым сыхэту кьиэзрыэжьхьар. Къэзан дыщынэсам мамыр хуэдэт. Махуэ зыбжанэ дэкІри, дз Старэ Урыху дашэжащ, Залым-Джэрий фронтым кьэнащ. Зэман дэкІауэ Псыхуабэ госпиталым кьикІ тхьгъэ кьысІэрохьэ. Залым-Джэрий госпиталым кьыщІэкІыжащ щІапІэ щыудзэр. Залым-Джэрий унэм кьиэзрыкІуэжар зэхэзыха ныбжьыгъуэхэр кьыкІэтлъыкІуащ - ВКП-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и ипэ секретарь Кіымыхьу Зуберрэ МВД-м и министрым и къуэдзэ Бырсекъуэ Хьэзрэ Іилрэ. Си щхьэгъусэм и гуащІэ хилхьащ 115-нэ шуудзэр щагъэхьэзырым, 1942 гъэм и щыщхьэуІу пщІонди абы яхэту зэуащ, - жеІэж Мэремкъуэ Залым-Джэрий и щхьэгъусэ Тамарэ.

АдэкІэ УФ-м ЗыхъумэжныгъэмкІэ и министерствэм кърагъэха дэфтэрым итщ:

« 1942 гъэм щыщхьэуІум и 1-м 115-нэ шуудзэм и 278-нэ полкым хэту уІэгъэ хъуа Мэремкъулыр гъэру яубыдащ... НэгъуэщІ зауэлІхэм яхэту исащ СССР-м, Чехословакиэм, Германием щаухуа гъэрыпІэхэм. Кьыщ Іэпхъуэжыну иужь ихьауэ яубыдыжри, Дахау концлагерым ирадзащ. 1945 гъэм накъыгъэм и 2-м хуит къэхъужащ. Гъэр ящІын и пэ ар полкым и командирым и къуэдзэу щытащ, майорт. Кьыхуагъэфэща дамыгъэхэм теухуауэ зыми дыщыгъуазэкъым.

Подразделенэм и унафэщІ полковник Панченкэ И. П».

Мэремкъулыр Совет Армэм кьратыжа нэужь, ягъэтІысащ.

АдэкІэ дэфтэрым кьыщыхьащ:

«ЗыхъумэжныгъэмкІэ и министерствэм и архивым щІэлъщ Мэремкъуэ Залым-Джэрий и уголовнэ Іуэхур. 1946 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м Кавказ Ищхъэрэ дзэ округым и трибуналым абы 58-1 «б» статьямкІэ и ипэ іэ кьытрилъхьащ. Майор цІэр кьытрахьжащ. 1993 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м, РСФСР-м «О реабилитации жертв политической репрессий от 18.10.1991 г.» и Законым и 3-нэ статьям ипкъ иткІэ хуит кьыщыжащ Реабилитацэм и управленэ нэхъыщхьэм Мэремкъулым и уголовнэ Іуэхур зэхуищІащ.

Подразделенэм и унафэщІ Егоров О. Г.».

Урысей Федерацэм и Генеральнэ прокуратурэм кърагъэха справкэм итщ:

« 1946 гъэм, бадзэуэгъуэм и 20-м Кавказ Ищхъэрэ дзэ трибуналым 58-1 «б» статьямкІэ (хэкум зэрепцІыжамкІэ) илъэсипщІ тралъхьащ. Мэремкъуэ Залым-Джэрий УФ-м и «О реабилитации жертв политических репрессий» законымкІэ ягъэзэзхуэжащ 1991 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м.

Реабилитацэмкіэ къудамэм и дзэ прокурор Булучевский А. П.».

Мыр УФ-м зыхъумэжныгъэмкІэ и министрым и унафэм кьыщыхьащ:

« ... 115-нэ шуудзэм и строевой частым и 278-нэ кавполкым и командирым и къуэдзэ, майор Мэремкъуэ Залым-Джэрий СССР-м іэщ кІэ ЗэщІэуэзда и Къарухэм хэтащ 1931 гъэм и фокІадэм щегъэжьауэ.

Лъэхъэущым илІыхьащ. ЩыпІа зэманыр зэхэгъэкІакъым».

Залым-Джэрий и щхьэгъусэ Тамари, ипхъуэху Викэрэ Зинаидэри Хэкум и епцІыжакІуэм и щхьэгъусэ, и бын цІэкэр ятелъкІауэ псэуащ.

- Зэи си фІэщ зыхъакъым Залым-Джэрий и Хэкум епцІыжауэ. Реабилитацэм и дэфтэрыр кьыщытІэрыхьа махуэм нэхъ насыпи ди гъащІэм хэтакъым, - жеІэж Мэремкъулым и щхьэгъусэм.

Кавказ Ищхъэрэ дзэ округым 1995 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м Залым-Джэрий и унагъуэр кьилъытащ политикэ залымыгъэм и лей кьытехьауэ, льготэ щхьэхуэхэми хагъэхуащ.

Апхуэдэщ ди республикэм щыщу япэу дзэ хуэІуэхуэщІэм хуеджа, зауэм и пэ кьихуэу майор хъуа, хейуэ ГУЛАГ-м илІыхьа, ІІа нэужь лей зытехьауэ кьалъыта щІалэм и кьекІуэкІыкІар.

ЖАНХЪУЭТ Мухьэрбий.
Псыгуэнсу кьуажэ

Мамырыгъэм и фэеплъ

Хэку зауэшхуэм псэемыблэжу хэтахэм я фэеплъу ди республикэм щагъэувахэм ящыщщ. Тэрч щыналъэм хьыхьэ Курп-Ипщэ кьуажэм и Іэшэлъашэм уардэу тет фэеплъыр.

КУРП джабэхэм щекІуэкІа зэхэуэ гуащІэхэи къагъэувыІащ щІыдагъэ здэщыІэ щІыпІэхэм хуеІэ нэмыщІ зэрыпхъуакІуэхэр. 317-нэ дивизэр махуищым щІигъэкІа биим щыпэщІэтащ абдеж, сэлэт миниблым щІигъу щыхэкІуэдащ а щІыпІэхэм, ауэ нэмыцэхэр пхагъэкІакъым.

Куэд зылъэгъуа Курп джабэхэм топышэм тридзэ уІэгъэ куухэр нобэми теКІыжакъым, илъэс 70-м щІигъуэуа абы сэлэтхэм я къупщхьэпІэпщхьэхэмрэ Іэщэ-фащэхэмрэ къыщыщагъэтыж. Фэеплъыр, абы и Іэшэлъашэр сыт щы-гуи цІыху кІуаІэщи, нэхъыщІэхэм тхыдэ напэкІуэцІхэр щызэрагъэщІыху. Курп Ипщэ къуажэдэсхэм зэрыжаІэмкІэ, обелискыр зауэракъым, атІэ мамырыгъэращ зи фэеплъыр.

ИНАРОКЪУЭ Данэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Зыхуэфащэ тхылъхэр хуатх, къуаншэхэр жэуапым ирашалІэ

Шэджэм районым и прокуратурэм щызэхалъхьажащ КІэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэр къызэрэгъэпэщыным хуэунэтІауэ нэгъабэ зэфІагъэкІаxэр.

КЪЫЗЭРЫХАГЪЭЩАМКІЭ, судым и пэ кьихуэу уголовнэ Іуэхухэр щызэхагъэкІыж хабзэр 403-рэ къызэпаудауэ кьахутащ. Апхуэдэу, пэубгъэ следствэр зымыгъэкІуатэ унафэу 267-рэ, уголовнэ Іуэхухэр къызэтезыгъэувыІэу 10 якъутэжащ. КІэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІым 2644-рэ законыр къызэпаудауэ кьыщІагъэщащ, хабзэм къемызэгъ правовой акту 233-м зыхуэфащэ тхылъхэр хуатхащ, Урысей Федерацэм и Генеральнэ прокуратурэм и 45-нэ статьям ипкъ иткІэ, сом мелуанрэ мин 921-м нэхъ иск тхылъ 395-рэ судхэм ирагъащ.

Ныкъуэсаныгъэхэр зэгъэзэкІуэжыну, къуаншэхэм жэуап ирагъэхьыну къалэн ящызыщІ тхылъу 322-рэ ягъэхьэзыращ. Абыхэм хэпльэри, цІыхуи 179-рэ дисциплинэ жэуапым ирашэлІащ, а унафэхэр кьыщащтэм прокурорхэр хэтащ. КъызэІуаха Іуэхухэмкіэ цІыху 203-м административнэ жэуап ирагъэхьащ, 61-м хабзэм текІ зэрымыкъунур гурагъэІуащ.

Следствэмкіэ Іэнатіэхэм тхылъ 20 ирратати, хэплъа нэужь, уголовнэ Іуэхуу 18 кьызэІуахащ, я нэхъыбэр судым нагъэсащ. Апхуэдэу къэралым и цІэкІэ зыгъэкъуаншэхэр судхэм хэтыныр нэгъабэ нэгъэсауэ кьызэрагъэпэщащ. Шэджэм районым и суд участкэхэм я зэзэгъэкІуж судыщІэхэр прокурорхэр хэту Іуэху 45-м, куейм и прокурорыр щІэсу 193-м хэплъащ. Районым и прокурорыр хэту граждан Іуэху 457-рэ зэпкърахащ.

Куейм и прокуратурэм нэгъабэ цІыху 262-м тхыгъэкІэ зыхуагъэзащ. Ар и пэ ита илъэсым ельытауэ куэдкІэ нэхъ мащІэщ. Къалэрыхьэтхыгъэхэм ящыщу 196-м, е я процент 74-м, хуэфащэ унафэ кьыхуагъуэтащ.

ЦІыхухэм зэрызыхуагъэзахэр щызэпкърахым, хабзэм къемызэгъ ныкъуэсаныгъэ 227-рэ кьахутащ, 21-м теухауэ зыхуэфащэ тхылъ ягъэхьэзыращ, яхуэзымыдэу зы хуатхащ, иски 167-рэ судым ирагащ, административнэ кьуаншагъэ зылэжьакъэм яхуэгъэзауэ Іуэхуи 9 кьызэІуахащ.

Бзаджащ Іэхэр къыщІагъэщ

Т**ерроризм, экстремизм идеологиехэм я пхыгъэкІакІуэхэм, апхуэдэу абыхэм Интернетк Іэ жыджэру зэбграгъэх тхыгъэхэм зэрапэщІэт щыкІэр республикэм и прокуратурэмрэ хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ ягъэлъэщ. Абы и фІыгъэкІэ, экстремист хъыбарыр Интернетк Іэ тхыгъэу зэбгрызыгъэкІ сайтхэм ящыщ зыр къахутащ.**

«ЭКСТРЕМИСТ хьэгъэщагъэхэм япэщІэтыным и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и яп э статьям къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, а хъыбарегъащІэ тхыгъэм экстремизм нэщанэхэр хэлъу къыщІэкІащ.

Апхуэдэ хъыбархэр зэбграмыгъэкІым мурадкІэ, «Хъыбархэм, хъыбарегъащІэ технологиехэмрэ хъыбархэр хъумэнымрэ я Іуэхукіэ» 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м кьащта Федеральнэ закон №149-ФЗ-м и 15.3-нэ статьям къызэригъэувым тету, 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м УФ-м и Прокуратурэ Нэхъыщхьэм зыхуэфащэ тхылъхэр хуагъэхьащ, Урысей Федерацэм и щІынальэм щызэбграмыгъэхьн пащІэ, а хъыбарыр экстремист тхыгъэу судкІэ кьрагъэлъытащ.

Къызэрагъэпэщ Іуэхугъуэхэр хуэунэтІащ социальнэ, лъэпкъ, дин лъагъэмыкъуныгъэмрэ зэбгиныгъэмрэ зэщІэзыгъэст мыхъумыщІагъэхэр къэралым зэрыщызэбграгъэкІыр кьызэпыудыным.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Емынэм къелами...

● Текіуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу

Мэремкъуэ Залым-Джэрий

Мэремкъуэ Залым-Джэрий и къуэхэу Мухьэмэдрэ Анатолэрэ.

«ЗицІэр ямыщІэ зауэлІ»

● Зэпеуэ

Ар и фІэщыгъэу КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм республикэ зэпеуэ къыхилъхьащ. Абы ирагъэхьыну тхыгъэхэр Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм ІІыхъужьыгъэ зезыхьа ди зауэлІхэм теухуауэ щытын хуейщ икІи 2015 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ 2015 гъэм мэлыжьхьыным и 10 пщІондэ газетхэмрэ журналхэмрэ тетауэ е телерадио нэтынхэм кьыщатауэ щытыпхъэщ.

ЗЭХЬОЗЭХУЭР къызэзыгъэпэщхэр щогугъ мы Іуэхур Хэкур фІыуэ зыльагъу щІэблэ гъэсэным, ди щхьэхуитныгъэм зи гъащІэр щІэзыгъэхэм я хьэл-щэныр щапхъэ яхуэхъьным хуэщхьэпэну. Апхуэдэуи мыхьэнэ иІэщ журналист нэхъыфІхэм я іажьыгъэм гулъытэ хуэщІыным.

Зэпеуэм ирагъэхь хъунур Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу лІыгъэ зэрахьэу хэкІуда зауэлІхэмрэ командирхэмрэ ятеуэуа тхыгъэхэрщ (очерхэр, эссехэр), апхуэдэуи траха, ката телерадио нэтынхэрщ. Зэхьэзэхуэм хэтыну хуейм лъэІу тхыгъэ къэпщытакІуэ комиссэм Іэригъэхьэн хуейщ, пэжыгъэм и фІэщыгъэр, ар къызыштехуа газет-журналхэм я цІэр, зи Іэдакъэщ Іэкіым и цІэ-унэцІэр зэрыт тхылъымпІэ щыгъуэу.

Лэжьыгъэхэр КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм (Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, 5-нэ къат) 2015 гъэм мэлыжьхьыным и 15-м нэхъ фІэмыкІыу ехьэлІэн хуейщ. Тхыгъэхэр къызытехуа газетхэм къыхэгъэжауэ, теле е радио нэтынку щытмэ - дискэм техтауэ щытыпхъэщ. Абыхэм хэпльэнущ республикэм и журналист цІэрыІуэхэр. Зэхьэзэхуэм щытекІуэхэм щІыхь тхылъхэр, ахъшэ саугъэтхэр иратынущ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Зыхуэфащэ тхылъхэр хуатх, къуаншэхэр жэуапым ирашалІэ

Шэджэм районым и прокуратурэм щызэхалъхьажащ КІэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэр къызэрэгъэпэщыным хуэунэтІауэ нэгъабэ зэфІагъэкІаxэр.

КЪЫЗЭРЫХАГЪЭЩАМКІЭ, судым и пэ кьихуэу уголовнэ Іуэхухэр щызэхагъэкІыж хабзэм хабзэр 403-рэ къызэпаудауэ кьахутащ. Апхуэдэу, пэубгъэ следствэр зымыгъэкІуатэ унафэу 267-рэ, уголовнэ Іуэхухэр къызэтезыгъэувыІэу 10 якъутэжащ. КІэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІым 2644-рэ законыр къызэпаудауэ кьыщІагъэщащ, хабзэм къемызэгъ правовой акту 233-м зыхуэфащэ тхылъхэр хуатхащ, УФ-м и ГПК-м и 45-нэ статьям ипкъ иткІэ, сом мелуанрэ мин 921-м нэхъэ иск тхылъ 395-рэ судхэм ирагащ.

Ныкъуэсаныгъэхэр зэгъэзэкІуэжыну, къуаншэхэм жэуап ирагъэхьыну къалэн ящызыщІ тхылъу 322-рэ ягъэхьэзыращ. Абыхэм хэпльэри, цІыхуи 179-рэ дисциплинэ жэуапым ирашэлІащ, а унафэхэр кьыщащтэм прокурорхэр хэтащ. КъызэІуаха Іуэхухэмкіэ цІыху 203-м административнэ жэуап ирагъэхьащ, 61-м хабзэм текІ зэрымыкъунур гурагъэІуащ.

Следствэмкіэ Іэнатіэхэм тхылъ 20 ирратати, хэплъа нэужь, уголовнэ Іуэхуу 18 кьызэІуахащ, я нэхъыбэр судым нагъэсащ. Апхуэдэу къэралым и цІэкІэ зыгъэкъуаншэхэр судхэм хэтыныр нэгъабэ нэгъэсауэ кьызэрагъэпэщащ. Шэджэм районым и суд участкэхэм я зэзэгъэкІуж судыщІэхэр прокурорхэр хэту Іуэху 45-м, куейм и прокурорыр щІэсу 193-м хэплъащ. Районым и прокурорыр хэту граждан Іуэху 457-рэ зэпкърахащ.

Куейм и прокуратурэм нэгъабэ цІыху 262-м тхыгъэкІэ зыхуагъэзащ. Ар и пэ ита илъэсым ельытауэ куэдкІэ нэхъ мащІэщ. Къалэрыхьэтхыгъэхэм ящыщу 196-м, е я процент 74-м, хуэфащэ унафэ кьыхуагъуэтащ.

ЦІыхухэм зэрызыхуагъэзахэр щызэпкърахым, хабзэм къемызэгъ ныкъуэсаныгъэ 227-рэ кьахутащ, 21-м теухауэ зыхуэфащэ тхылъ ягъэхьэзыращ, яхуэзымыдэу зы хуатхащ, иски 167-рэ судым ирагащ, административнэ кьуаншагъэ зылэжьакъэм яхуэгъэзауэ Іуэхуи 9 кьызэІуахащ.

Бзаджащ Іэхэр къыщІагъэщ

Т**ерроризм, экстремизм идеологиехэм я пхыгъэкІакІуэхэм, апхуэдэу абыхэм Интернетк Іэ жыджэру зэбграгъэх тхыгъэхэм зэрапэщІэт щыкІэр республикэм и прокуратурэмрэ хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ ягъэлъэщ. Абы и фІыгъэкІэ, экстремист хъыбарыр Интернетк Іэ тхыгъэу зэбгрызыгъэкІ сайтхэм ящыщ зыр къахутащ.**

«ЭКСТРЕМИСТ хьэгъэщагъэхэм япэщІэтыным и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и яп э статьям къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, а хъыбарегъащІэ тхыгъэм экстремизм нэщанэхэр хэлъу къыщІэкІащ.

Апхуэдэ хъыбархэр зэбграмыгъэкІым мурадкІэ, «Хъыбархэм, хъыбарегъащІэ технологиехэмрэ хъыбархэр хъумэнымрэ я Іуэхукіэ» 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м кьащта Федеральнэ закон №149-ФЗ-м и 15.3-нэ статьям къызэригъэувым тету, 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м УФ-м и Прокуратурэ Нэхъыщхьэм зыхуэфащэ тхылъхэр хуагъэхьащ, Урысей Федерацэм и щІынальэм щызэбграмыгъэхьн пащІэ, а хъыбарыр экстремист тхыгъэу судкІэ кьрагъэлъытащ.

Къызэрагъэпэщ Іуэхугъуэхэр хуэунэтІащ социальнэ, лъэпкъ, дин лъагъэмыкъуныгъэмрэ зэбгиныгъэмрэ зэщІэзыгъэст мыхъумыщІагъэхэр къэралым зэрыщызэбграгъэкІыр кьызэпыудыным.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

И зэчийр зи чэнджэщэгъу

• Дифі догъэтъапІэ

Сурэтыщі Бгъэжьнокъуэ Заурбэч и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу

«Гъащіэм нэхъыщхьэхэлъыр - ар щхьэж езым фІэгъэщІэгъэн дунеи, дзэлхьэх Іуэхугъуэхэмкіэ гъэнщІауэ, ирихуэжыныр аращ», - жеІэ сурэтыщІ-график Бгъэжьнокъуэ Заурбэч. Сурэт щыныи и мызакъуэу, ар езыр музыкэми фІыуэ хэзыщІыкІ цІыхущ, зыр адрейм иригъэщІэу гупсысэ хьэлэмэтхэр иІэщи, ди гуапэу фащыдогъэгъуазэ художникым къыджиІаХэм.

- Заурбэч, совет зэманым сыт хуэдэу псэурэт сурэтыщІэхэр: сыт я лэжьакІэт, сытхэм хунэсрэт?

- Нобэрей зэманымебгъапщэмэ, абы щыгъуэм къаралым, ди унафэщІхэм ягуро я псэрэ нэхъ къытхуэгъэзауэ, литературэм, гъуазджэм пщІэшхуэ къыхуащІу щытащ. Дэри кьалэн къытщыщІырт щхьэгъэр пэжым, захуагъэм ди Іэдакъэщіэкіэмкіэ хьыхуедджэнрыр, Лениным, Политбюром хэтхэм, къулыкъущІэхэм я сурэтхэр щыныр. Литературэ, художественнэ фондхэр щыІэт, дэ къэдлэжьыи и процент гуэр абыхэм кІуэуэ. Ди фондым и мыпхукІэ зыгъэпсэхупІэхэм мазитІкІэ дигъэкІуэфырт, лъэщапІэхэри къыдитфырт. Псалъэм папщІэ, апхуэдэ зыгъэпсэхупІэхэр, Творчествэмкіэ унэхэр, Хостэ, Кьрымым, Байкал, Ленинград, Москва и гъэнэгъуу, нэгъэщІ щІыпІэхэми щылажьэрт икІи зы сом тумыгъэкІуадэу абыхэм зыщыбгъэпсэхуну Іэмал уиІэт. Нэхъ гуапэрати, ди выставкэхэм щІыналъэ унафэщІхэр къакІуэрт, Осетием, Адыгеим, ди гъэнэгъу нэгъуэщІ республикэхэм сурэтыщІхэр дыщыщыщІэхьхьэхьэмі я ялпэ секретарь нэгъунэ къытхуеблагъэрэ ди Іэхэу зыІут зрагъащІэу, «сыт фІыхуэныкъуэ?», - жаІэу къытщІэупщІэу щытащ.

ФІы дыдэу сощІэж Министрэхэм я Советым кьищтауэ щыта унафэр. Абы кьыщыгъэпсэгъуат Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм илъэс къэс унитІрэ лъэщапІэу тІурэ иратын хуейуэ. Ар щІэгъэкъуэныщхьэт сурэтыщІхэм дежкІэ. Иджыпсту дэ дыщылажьэ лъэщапІэхэм а цІэр зэрахьэ фІэкІа, жьыжьэи гъунэгъуи зэрыщытын хуейм екІуалІэрэкъым. Псалъэм папщІэ, КІыщ Мухьадин - Москва, Сэвкіуий Хьэмид - Санкт-Петербург лъэщапІэхэр щаІэщи, пэш щхьэхуэхэр хэтщ, зыхуеину псомкІи кьыззэгъэпэщащ. Сурэтыщ щытщІкІэ къэдгъэсэбэп гуэлым, краскэм, маслэхэм зэпэмыууэ уепэмыныр узыншагъэм дежкІэ зэранщ, аращ пэш щхьэхуэ лъэщапІэм пытыпхъэщ щІыжьысІэр. Къэбгъэлъагъуэмэ, иужьрей илъэс 20-м апхуэдэ лъэщапІэ зыми итакъым.

Совет зэманым жьапщи, абы щыгъуэм нэгъуэщІ зы фІагъи щыІащ: щІыналъэзэм щэнхабзэмкІэ я министерствэхэр илъэсым тІэу сурэтыщІхэм, композиторхэм, нэгъуэщІ ІэщіагъэлІхэм я лэжьыгъэм хэпІэтрт, уэрэд яхаеи, сурэт ящІами, къэзыщтакІуэ комиссэм кьыхихыри ищхэурт. Апхуэдэ щыкІэкІэ художникхэм ди Іэдакъэщіэкіхэр Сурэтыщі гъуазджэмкІэ музейм и гъэтІылъыгъэхэм халъхьарт. ЗэхъуэкІыныгъэхэр къэралым кьыщыхъуа нэужь, зы лэжьыгъэ ящхужьакъым. Апхуэдэ Іуэху зехьэкІэр щыщымыІэжьир кьухъэпІэ псэукІэм дытехьащи аращ. Ауэ дэ ди къэрал унафэщІхэм абы кьагурымыІуэу зыгуэр хэлъщ. Кьухьэпізмкіэ щІиІэ къэралыхуэхэм фонд куэд дыдэ яІэщІщэнхабзэр, гъуазджэр кьаІэту, а унэтІныгъэхэм зрагъэужьын папщІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэми ялъэкІ кьагъанэркъым, спонсорхэр я куэдщ. СурэтыщІым зэгурыІуэнгъэ иращыпІэри, зэман гуэркІэ абы лэжьыгъэ зыбгъупщІ ирагъэщІ, гъэльэгъуэныгъэ кьыхуэзрагъэпэщ. Ауэ мыбы нэхъыщхьэу хэлъращи, ищІам пэкІуэн ахъшэ ират. Дэ ди дежкІэ апхуэдэ щІыжькъым, гъуазджэр хьІфІадзэжащ. Творческэ зэгухьэныгъэхэр жьлагъуэ Іуэхущапіэ ящІыжащи, къэралыр зыкІи абыхэм кьадэІэпыкъуркъым, езыхэми зыгуэр ящІэну ялъэкІыркъым. Аращи, «фи щхьэр зэрыхьщ» кьыджаІауэщ сэ зыкІзэрыгурыІуэр кьекІуэкІ Іуэхугъуэхэр. Апхуэдэу щыхъукІэ, щхьэ ебгъащэрэ композиторхэр, сурэтыщІхэр, уэрэджьыІакІуэхэр, зэрэджьыІакІуэхэр, иужькІэ Гъуэгу абыхэм ёомытынумэ?!

- Дауэ атІэ сурэтыщІхэр фызэрыпсэур?

- Щхьэж хэлъ хъэрычэтым елытатуэ. Сэ тхьылъхэр сурэткІэ зГъэщІэращІэу сыпэжащ. Иджы абыи мыхьэнэщхуэ иратыжыркъым. Нэхъапэм тхылъым сурэт хэупщІамэ, сомИ 100 - 150-рэ кІуатУ щытащ, ар мазэ улахуэ хэурт абы щыгъуэм. Иджыпсту кьекІуэкІ сом 200-мкІэ уи ныбжьэгъуэ ебгъоблагъэу щей удефэфынукъым. ТкажІуэхэми аращ я Іуэхур зэрыхъуар. Зы тхылъ кьыдагъэкІамэ, абы кьыпэкІуам машинэ кьахуущІэкІыу щытащ. Ди зэманым-щэ? Уеблэмэ тхылъыщІэм и пшых иращІыжьыфркъым абы кьыпэкІуамкІэ. Апхуэдэу мыкъун щхьэкІэ, китай лъэпкъым я философием, дуней тетыкІэм тІэкІу дыдэплъеин хуейщ. ЦІыхур щысабийм щегъэжьауэ литературэм, макъамэм, гъуазджэм дегъэхьэхын хуейщ, тхьэмахуэм зэ я тІэу гъэльэгъуныгъэхэм, пшыхьхэм пшэурэ. Абы фІагъ хуэдэ хэлъщ: акъыл кьыхьібох, нэжэгужэ, жан уещІ.

- Китай философиер уи гъунэгъуу нэхъ илэкІи жыпІэу зэхэсхащ. Сыт абы апхуэдэу хэлъыр ди гупсысэкІэм кьыщыхьащІкІыу?!

- Китай лъэпкъым и дуней епльыкІэр нэхъ кьызощтэ сэ. Сыгупсысэф зэрыхъурэ си фІэщ хъурт дунеитІ зэрыщыщІэр - нэрылъагъурэ мынэрылъагъурэ. Нобэ си фІэщ мэхъу ар. Зы Іэщіагъэ щыІэкъым гъуазджэм хуэдэу дунейм зыхьыурыІатэщ. Абы и хьэлщ зэ епльыгъуэкІэ мыгурыІуэгъуэ, «абстрактнэ» жьыхуэтІэ гупсысэкІэм ухуишэу. Зи гугъу сщІыр гъащІэм, дунейм щымыІэ Іуэху хьэлэмэт сурэткІэ кьызэрыбгъэльэгъуэфынурщ. Ар яфІэкъэбылщ китай лъэпкъым щыщхэм.

Дэ ди къэралым нэхъыбэу узыщыхурагъаджэр реализмэм епха гъуазджэрат, дунейр зэрыщытым хуэдэ дыдэу къэбгъэльэгъуэжьынм тегъэщІауэ. Европей гупсысэкІэ жаІэ абы къыжьа. Нэм илъэпкъым гупсысщІэмрэ зыуэ щытын хуейуэ къэзылытэт епльыкІэщ ар, нэгъуэщІу жьыпІэмэ, художникым ищІыпхъэр и нэм илъагъу кьудейт. Абы уафэр мыщІыхьфэмэ, нэгъуэщІыр зыми хибжарыкъым. Сэ ар сэрэ кьыдыхьэркъым. Узэпльым нэгъэсауэ сурэт тепщІыкІыфмэ, пэжщ, ар гъуазджэщ, ауэ уи гум илъапмрэ дунеишхуэ узытетым щыпльагъумрэ зэтемыкуэнрэ Іэмал имыІэуи щыткъым. АтІэ сыт хуэдэу Китайм я сурэтыщІхэр зэрагъасэр?! Нэм илъагъур дунейм и иджыпстурей щытыкІэрщ, ар зэщІ. Ауэ псэм, акъылым нэгъабэ уздэщыса псы Іуфэм уашэу ущагъэтыфынущ, е хур хьэджэбз уагъэльэгъуфынущ, е дуней темыт нэгъуэщІ Іуэхугъуэм уи гупсысэр кьыхуэгъэрагъэжьын папщІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэми ялъэкІ кьагъанэркъым, спонсорхэр я куэдщ. СурэтыщІым зэгурыІуэнгъэ иращыпІэри, зэман гуэркІэ абы лэжьыгъэ зыбгъупщІ ирагъэщІ, гъэльэгъуэныгъэ кьыхуэзрагъэ-

«Си фІэщ мэхъу дунеитІ зэрыщыІэр»

хэр, сурэтыщІхэр, уэрэджьыІакІуэхэр, зэрэджьыІакІуэхэр, иужькІэ Гъуэгу абыхэм ёомытынумэ?!

- Дауэ атІэ сурэтыщІхэр фызэрыпсэур?

- Щхьэж хэлъ хъэрычэтым елытатуэ. Сэ тхьылъхэр сурэткІэ зГъэщІэращІэу сыпэжащ. Иджы абыи мыхьэнэщхуэ иратыжыркъым. Нэхъапэм тхылъым сурэт хэупщІамэ, сомИ 100 - 150-рэ кІуатУ щытащ, ар мазэ улахуэ хэурт абы щыгъуэм. Иджыпсту кьекІуэкІ сом 200-мкІэ уи ныбжьэгъуэ ебгъоблагъэу щей удефэфынукъым. ТкажІуэхэми аращ я Іуэхур зэрыхъуар. Зы тхылъ кьыдагъэкІамэ, абы кьыпэкІуам машинэ кьахуущІэкІыу щытащ. Ди зэманым-щэ? Уеблэмэ тхылъыщІэм и пшых иращІыжьыфркъым абы кьыпэкІуамкІэ. Апхуэдэу мыкъун щхьэкІэ, китай лъэпкъым я философием, дуней тетыкІэм тІэкІу дыдэплъеин хуейщ. ЦІыхур щысабийм щегъэжьауэ литературэм, макъамэм, гъуазджэм дегъэхьэхын хуейщ, тхьэмахуэм зэ я тІэу гъэльэгъуныгъэхэм, пшыхьхэм пшэурэ. Абы фІагъ хуэдэ хэлъщ: акъыл кьыхьібох, нэжэгужэ, жан уещІ.

- Китай философиер уи гъунэгъуу нэхъ илэкІи жыпІэу зэхэсхащ. Сыт абы апхуэдэу хэлъыр ди гупсысэкІэм кьыщыхьащІкІыу?!

- Китай лъэпкъым и дуней епльыкІэр нэхъ кьызощтэ сэ. Сыгупсысэф зэрыхъурэ си фІэщ хъурт дунеитІ зэрыщыщІэр - нэрылъагъурэ мынэрылъагъурэ. Нобэ си фІэщ мэхъу ар. Зы Іэщіагъэ щыІэкъым гъуазджэм хуэдэу дунейр зыхьыурыІатэщ. Абы и хьэлщ зэ епльыгъуэкІэ мыгурыІуэгъуэ, «абстрактнэ» жьыхуэтІэ гупсысэкІэм ухуишэу. Зи гугъу сщІыр гъащІэм, дунейм щымыІэ Іуэху хьэлэмэт сурэткІэ кьызэрыбгъэльэгъуэфынурщ. Ар щыуаГъэшхэущ.

Иужьрейуэ Испаниерщ сызДэщыІари, абы щысІъэгъуар щапхъэу кьыпхуэзохь. КІыщ Мухьадинрэ и щхьэгъусэ Мосс Жаклинрэ Мадрид дэт «Прадо» музейм зыщыщагъэпльхьыну сашат. Іуэхущапіэм гъунэгъу дыщыхуэхъуэм, щысІъэбжьащ, сыт мыпхуэдизу цІыху музей бжьІупсм щІыщытыр, жысІэри. ПцІы супсыну кьыщІэкІынкъым, километр ныкъуэ зи кІыхьаригъэнчэзу зэхэтт. Мухьадин кьызэрызгуригъэльуамкІэ, абыкІэ щыІэ цІыхур гъуазджэм щІобэг, абы и мыхьэнэр зыхуэдэр кьэщІащІ. Ди къэралым атхуэдэ зэгуэр щыфІьэгъуэ?! Сэ щысІъэгъуакъым. А Іуэхум гудзакъэ яІэу бгъэдыхьэн хуейщ щэнхабзэмкІэ ди Іуэхущапіэхэр, армыхьэмэ гъуазджэри щэнхабзэри мащІэ-мащІэурэ зэтещхэжьыпэнущ. Литературэ, гъуазджэ, щэнхабзэ хуэмейро - цІыхур кьэбгъапцІэу консерваторэхэр, институтхэр, техникумхэр кьыумыгъэхъ. Кьебгъэхьарэ, абы илэжьынум зэрыпсычІэхъэщ.

Уи упщІэмкІэ кьэзгъэзэжьынщи, философ, хуэкъуэ Тагор Рабиндранат зэгуэр жиІэу щытащ: «Японием, Китайм я сурэтыщІ гъуазджэм зэ дэпльея лъэпкъыр адрейхэм ефІэкІынущ». Технологие диІэми, щыдагъэри дыщэри ди куэдми, Японием щыпсэухэр дэ къыдофІэкІ, я литературэр, щэнхабзэр яІэтри. Абы дахагъэм щІыхэр хуэгъэсэным гулыпІэ нэхъыбэ щыхуащІ. Достоевскэм «Дахагъэм дунейр кьригъэлынущ», - жиІэу зэгуэр итхыгъамэ, абы егупсысыр мащІэщ. Абы нэхърэ мыпхыр яІэмэ нэхъ кьащтэ.

- Уи ялпэ дыдэ сурэтыр сыт хуэдэт?

- Курыт школым ялпэ классым сыщІэсу нартхэм я хьыбархэм хуэдэу сощІэж нартхэм ятестхыкІауэ тхылъымпІэм тесщІыхьа сурэтхэр си анэм фІэгъэщІэгъуэну «Мыр Алик ищІащ» (арат кьыззэрыздэжэр), жиІэу ди гъунэгъухэм яригъэльагъуу зэрыщытар, сэри гулъытэ кьыхуэхъуам срипагэу зы зэман екІуэкІащ. АрауэПІэрэ-тІэ си ялпэ лэжьыгъэр?! *(мэдыхьэшх).*

СыкъыдэкІуэтея нэужь (школ кІуэгъуэ сыхъухункІэ Зеикъуэ сыщапІащ, итІанэ Бахъсэнкіэ сыкъашэжри, абы сыщеджащІ), сурэт щыІэным сыхуэзыгъэсэн зГъэтэгъэкъыми, адрей щІалэ цІыкІуэхэми хуэдэу, сэри спортым зестащ, уеблэмэ кьыщысзухым мурад сщІат Воронеж дэт спорт еджапІэм сыщІэтІысхьэну. Щэныбэ Юрэ си мурадыр щыжеСІэм, кьыздиІыгъакъым, ехьэхі хэмылъри кьызжиІащ: «Уэ спортым иджы сыт хуэдэ зэфІэкІ кьыщыбгъэльэгъуэжьнур?! Си гъусэу Ростов накІуи нэхъыфІщ, училищэ бэлыхь абы щыІэщ, художникыу уеджэнщ. Егупсысыт, зы сурэт нэхъ мыхьуми гуэзэджэу кьохъуІэмэ, уэрэ, уи бынри, лъэпкъри ар зэрыпэгэнщІ». Юрэ кьызжиІам сегупсысри, сыкІуад Ростов. Арщхьэкіэ си ныбжьэгъу Пекъу Володя «11-нэ классым нэс уеджажэ еджапІэ курыт ущыщІэтІысхьэн щыІэкъым», - щыжиІам, Ростовыр къэбгъанэри, Краснодар дэт педагогикэ институтым художественнэ графикэ факультетым сыщІэтІысхьащ. Абы илъэситІкІэ сыщеджажьэ нэужь, Москва полиграф институтым зезГъэдзыжаУ щытащ. Ар къэзухащ. «Зы сурэтым гъащІэ уасэ иІэщ, абы урипэгэну», - кьызжезыІа Щэныбэм и псалъэхэр гъэугурГъэлъагъуэ схуэхъуаУ, зы махуи сыхущІемыгъуэжауэ нобэр кьызідэсри си Іэщіагъэм сролажьэ.

- Москва полиграф институтым ущыІа егъэджакІуэхэр хэт сымэт?

- Ди къэралым и сурэтыщІ нэхъ Іэзэхэм ящыщ Гончаров Андрей сигъэсащ. Ар цІыху гъэщІэгъуэнт, гъащІэ епльыкІэ хьэлэмэт иІэт. Кьыдит щІэныгъэм кьищынэмыщІауэ, абы ди хьэлщмащІ дыдэ кьІыгъэлъпльыжьырт, диущийрт.

А еджапІэм сызэрыщІэтІысхьами хъыбар щхьэхуэ иІэщ. Краснодар «Воробей» жаІэри зы егъэджакІуэ дыщиІэт, гравюрэм нэхъ елэжьу. Абы зэпымыууэ сепльэІуэт а Іэмалым и щхэхэм сыхиГъэгъуэзэну. Арати, абы кьызигъэщІа мащІэр сщІэуэ, сурэт зыбгъупщІи сІыгъыу, сежьащ Москва еджапІэ нэхъыщхьэм сыщІэтІысхьэну. Махуэ псокІэ сыІутащ институт бжьІупэм, цІыхухэм сахэплъу. Сыздыкъэнури сызыбгъэдыхьэнури кьыхуэхущІэртэкъым. ИтІанэ къэзгупсысащ ди лъэныкъуэм икІа зыгуэр кьэслъагъумэ, сбгъэдыдьхэу сечэнджэщыну. Нэхъ къамылыфэу щІалитым гу лъыстащ. Арати, а мурадыр сиІэу сыкъэзгъэзыІа унагъуэм я деж секІуэлІэжащ. «Дауэ хъуа?» - жаІэмэ: «Зыуи, махуэ псом цІыхухэм сеплъри сыкъэжьэжащ», - жэуап сот. «Ар дауэ, укъыщІэкІуар зыфІымыІэкъыу?» - яГъэщІэгъуащ. Сэ гуращэ гуэрхэр сиІэти, етІуанэ махуэм аргуэру сыІухьэ поligraф институтым и бжьІупэм. ЦІыхухэм къахьизолъагъукІ Кавказым икІауэ зыхуэзгъэфащэщІалитІри, сабгъэдохьэ лъэныкІэ. КьызэрыщІэкІамкІэ, сыщыуат - тІури урыст, ауэ Ордженикидзе икІауэ еджэу кьэкъщІокІ. ПсынщІэу си папкэшхэр кьысІах, мыхьуну кьалъытахэр кьыхадзри, цІыкІу-цІыкІу защІэу гъэІэбыхьжу сыарэзымэ, сыкъызэрищтэр жиІащ. Пошэм ухуеймэ, сыарэзыт илъэситІкІэ сыкъригъэІэбыхьыжьмэ...

Образцовым и цІэр зезыхьэ къэрал академическэ гуащэ театрым и лэжьакІуэхэр, композиторхэр, цІыху къэрэдзэхэр и ныбжьэгъут ди гъэсакІэм. Арати, щапхъэ зытепх хъуну Гончаров Андрей илъэсхэм къуриубыдэу дызыхуимыгъэза къэнаеу сщІэрэм. Апхуэдэ щыкІэкІэ дэри зыдужьащ. Урысей къэрал библиотекэм тхылъ кьыщІэдмынэу дызэрдежьэм дыхуущІэкъурт а илъэсхэм. НэгъуэщІу хьунутэкъым, унэтІныгъэ кьыхэтхар арат - тхылъхэм графикэ яхуэтщІынырт. Сурэтыр кьоХъуІэнутэкъым тхылъым и купщІэр кьыбгурымыІуаУэ. «Куэду феджэ, щІэныгъэ фиІэн хуейщ», - кьыджиІэрт Андрей. Ар езыр художникыщхуэти, абы удэмыплъеиныр емыкІут. ИтІанэ абы кьыджиІат: «Еджапіэр къэвухрэ илъэситху дэкІмэ, сурэтыщІ фыхуауэ фи цІэ зэхэзмыхмэ, сэ фызэрэзгъэджар зы щыгъэгъэнущ». ИльэситхУ щыдэкІа илъэс дыдэм сэ сыхагъэхьащ СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм. Абы щыгъуэм Гончаров Андреи, абы езым и гъэсакІуэу щыта Фаворскэми я лэжьыгъэм сысейкэри ябгъуэ. Ар - Ростовым и къэбгъанэри, Краснодар дэт педагогикэ институтым художественнэ графикэ факультетым сыщІэтІысхьащ. Абы илъэситІкІэ сыщеджажьэ нэужь, Москва полиграф институтым зезГъэдзыжаУ щытащ. Ар къэзухащ. «Зы сурэтым гъащІэ уасэ иІэщ, абы урипэгэну», - кьызжезыІа Щэныбэм и псалъэхэр гъэугурГъэлъагъуэ схуэхъуаУ, зы махуи сыхущІемыгъуэжауэ нобэр кьызідэсри си Іэщіагъэм сролажьэ.

- Москва полиграф институтым ущыІа егъэджакІуэхэр хэт сымэт?

- Ди къэралым и сурэтыщІ нэхъ Іэзэхэм ящыщ Гончаров Андрей сигъэсащ. Ар цІыху гъэщІэгъуэнт, гъащІэ епльыкІэ хьэлэмэт иІэт. Кьыдит щІэныгъэм кьищынэмыщІауэ, абы ди хьэлщмащІ дыдэ кьІыгъэлъпльыжьырт, диущийрт.

А еджапІэм сызэрыщІэтІысхьами хъыбар щхьэхуэ иІэщ. Краснодар «Воробей» жаІэри зы егъэджакІуэ дыщиІэт, гравюрэм нэхъ елэжьу. Абы зэпымыууэ сепльэІуэт а Іэмалым и щхэхэм сыхиГъэгъуэзэну. Арати, абы кьызигъэщІа мащІэр сщІэуэ, сурэт зыбгъупщІи сІыгъыу, сежьащ Москва еджапІэ нэхъыщхьэм сыщІэтІысхьэну. Махуэ псокІэ сыІутащ институт бжьІупэм, цІыхухэм сахэплъу. Сыздыкъэнури сызыбгъэдыхьэнури кьыхуэхущІэртэкъым. ИтІанэ къэзгупсысащ ди лъэныкъуэм икІа зыгуэр кьэслъагъумэ, сбгъэдыдьхэу сечэнджэщыну. Нэхъ къамылыфэу щІалитым гу лъыстащ. Арати, а мурадыр сиІэу сыкъэзгъэзыІа унагъуэм я деж секІуэлІэжащ. «Дауэ хъуа?» - жаІэмэ: «Зыуи, махуэ псом цІыхухэм сеплъри сыкъэжьэжащ», - жэуап сот. «Ар дауэ, укъыщІэкІуар зыфІымыІэкъыу?» - яГъэщІэгъуащ. Сэ гуращэ гуэрхэр сиІэти, етІуанэ махуэм аргуэру сыІухьэ поligraф институтым и бжьІупэм. ЦІыхухэм къахьизолъагъукІ Кавказым икІауэ зыхуэзгъэфащэщІалитІри, сабгъэдохьэ лъэныкІэ. КьызэрыщІэкІамкІэ, сыщыуат - тІури урыст, ауэ Ордженикидзе икІауэ еджэу кьэкъщІокІ. ПсынщІэу си папкэшхэр кьысІах, мыхьуну кьалъытахэр кьыхадзри, цІыкІу-цІыкІу защІэу гъэІэбыхьжу сыарэзымэ, сыкъызэрищтэр жиІащ. Пошэм ухуеймэ, сыарэзыт илъэситІкІэ сыкъригъэІэбыхьжьмэ...

- Заурбэч, зэрысщІэмкІэ, Къулькъужьын кхуажэ сурэтыщІ ныбжьыр зэрагъэщІалэгъуалэ куэд щыбогъасэ уэ. А Іуэхур дауэ ежьа?

- Си ныбжьэгъу, сурэтыщІ Іэзэ Къыпл Мухьэмэд дунейм щекьыжам, абы и фэеплъу Налшык и зы уэрамым и цІэр фІедгъэщІын ди гугъат. Арщхьэкіэ кьалэм ар кьыщыщІдзмыхьлІэм, езыр щеджа Къулькъужьын кІуажэ и зы уэрамым сурэтыщІым и цІэр фІедгъэщІыжащ, курыт еджапІэм и пщІантІэм бгынэжауэ унэ нэщІ дэтыр зэдгъэпэщыжри, Художественнэ школ кьызэІутхащ, Мухьэмэд и цІэр зэрихьэу. Абы и унафэщІу дгъуаеш Къыпл и гъэсэну щыта, Краснодар Художественнэ институт кьыщыщІэуха КІуэ Ритэ.

Школыр кьызэІутха щхьэкІэ, щІалэгъуалэ къекІуалІэр езгъэджэн дыхуейтэкъэ?! Сэри абы нэс сыкІуэфыртэкъым. ИтІанэ Ритэ сабийкэр си деж тхьэмахуэм тІэу кьишэу щІидзащ. АрщхьэкІэ еджапІэхэр апхуэдизрэ гъэгу тебгъэтынри гугъут. Сыгуэзват хъарзынэу зэдгъэпэща еджапІэр зэхуащІыжмэ, жысІэри. Апхуэдэу щыхъум, еджапІэр Гъуазджэхэмкіэ сабий школ тщІащ, сурэт щыІнам и мызакъуэу, уэрэд жьыІэкІэми, пшынэ, пианинэ еуэкІэми, кьэфэкІэми цІыкІухэм зыщыхуагъасэ хъуну. Мы зэманым сабий 260-м нэблагъэ абы йокІуалІэ, кьуаежэм щІалэгъуалэм зыщащужьын Іуэхущапіэ нэгъэщІ дотІкъым. ТхьэмахуэрэкІэ тІэу сокІэрри щызогъаджэ, «Кабардинка» кьэфакІуэ гупым и пшынауэ Вэрокъуэ Валерэ, а ансамблым и кьэфакІуэу щыта Битокъу Анзор сымэ, нэгъэщІ щІыхь зэчиифІэхэмэ абы сабийхэр щагъасэ. Мы гъэм Къулькъужьын школыр «Урысейм и кІуажэ школ нэхъыфІхэм» хэхуауэ къагъэльэгъащ. Дэ абы щыдгъэсахэм щыщыщ цІыху 40-м нэблагъэм иджыпсту я щІэныгъэм щыпащэ Урысейм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм.

- Ахэр щыдиІэкІэ, къэкІуэну зэманым ди гъуазджэр Іэпн хуейкъым. Сыт хуэдэ унэтІныгъэхэм ди республикэм зыщегъэужьын хуейуэ къэплъытэрэ?

- Ар къэтлъытэри, щІалэ цІыкІуи 5 кьыхэтшауэ а гъуазджэ лІэужьыгъуэм худогъасэ, худогъаджэ. ИтІанэ адыгэм архитектор диІэхэркъым. Абыи цІыху зыхьІбл худогъаджэ. Нэгъабэ Къулькъужьын щыщ зым Краснодар дэт Педагогикэ институтым архитекторхэм я факультетыр екъулІэныгъэкІэ кьыщІихащ, уеблэмэ мы зэманым абы и щІэныгъэм аспирантурэм щыпещэ.

Сэ сщІауэ Санкт-Петербург щІыхуитху щоджэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм. ДгъасэхэР, дауи, псори ириКІуэркъым гъуазджэм и лъагъуэм. Ар Іэщіагъэ кьыхамыхми, сэ сощІэ абыхэм дахэр зыхащІэу, езыхэри дахэу дунейм зэрытетынур.

Къупльыкъужьын нэмыщІ, Налшык дэт «Успех» курыт школми щІэзгъаджэ, абы кьекІуалІэ цІыкІухэми ехьулІэныгъэхэр ящІэзолъагъу.

- Сурэтыр ууей ирехъу е нэгъуэщІ гъэрым ищІауэ щрети, абы и фІагъыр «сигу ирохь е ирихьхьым». Жыпіэу кьыздыплпщытэрэ зы хьэмэрэ сурэтыщІ гъуазджэм иІэ зэрыкІ мыхъун къупхъэ гуэркэр?

- Тхылъым и т псалъэр е макъамэ пщІын хуейщ, е абы сурэт кьытепщыкІыпхъэщ. Сэ аращ сызыхурагъэджар. Художественнэ унафэщІ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм сыщыщыІэжььам сІыуааД а уэ зи гугъу пщІым - Іуэхущапіэм кьрахьэлІа сурэтыр хъуарэ мыхъуарэ занщІэу зэхэзгъэкІыфын хуейт. А пСом, си насыпти, сригъэсат Гончаров Андрей, гу зылъмыгъэтну нэхъ мыхьэнэншэми абы мыхьэнэ ирыдигъэтырт. «Сигу ирихьащ», - жьыпІэкІэ абы и фІэщ пщІынтэкъым, ухуейухуэмейми, лэжьыгъэр щІэхъуари, мыхъуауэ кьыщІэпльытэри жьыпІэнут. Иджы сэ ёэгъаджэхэм ар кьагурызгъэІуэну яужь ситщ.

Деджаугъ, лэжьыгъэ хъуамрэ мыхъуамрэ зэхэдгъэкІыфу, абы и щхьэусыгъуэр жьытІэфу драгъэсауэ Москва дыкъикІыжьа нэужь, выставкэхэм, лъэщапІэхэм зыщыпплъыхьынтэхъэ?! Дызэрыдгъэджам хуэдэу, сурэтым и зэхэлъкІэр зэрыпльагъур, хъуа-мыхъуар къэтІуатэу дыхуежьащ. Арщхьэкіэ адыгэм сыт и гупсысэкІэр? - «Дигъэсэжьну хэт ар езыр?!» - жаІэу зэхэтхэ фІэкІа, десакъым Іэхур игъэкІуэгъуэт; адыгэм хъуэхъу зэхэтх

Тхылъыщіэ

Илъэсыщіэ тыгъэ



Сабийхэм зэрахуэупсэ илъэсыщІэ тыгъэу мы махуэхэм «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ Пхытіыкі Юрэ «Дадэ и жыг хадэ» зыфІища и тхылъыр. Ар сабийхэм яхуэгъэзауэ абы къыдигъэкІа усэ тхылъ ещанэщ.

Тхылъым ихуащ Пхытіыкіым и усэщІэ 18. Усэхэр зыхуэгъэза цІыкІухэм я дежкІэ еджэгъуафІэщ, псалъэхэр зэрылъэлъу зэкІэлъокІуэ, къищынэмыщІауэ, абыхэм зи гугъу щищІыр сабийхэр дэзыхьэх Іуэхугъуэщ.

«Дадэ и жыг хадэ» тхылъыр плъыфабэу зэхигъэуващ сурэтыщІ Мамбэт Пётр. Зытепсэлъыхьыр уи нэгум къыщІигъэхьэу, абы усэ къэс сурэт гъэщІэгъуэнхэр хуищІащ.

Я анэдэлъхубзэр фІыуэ ящІэу сабийхэр къэгъэтэджынымкІэ щхьэпэщ мыпхуэдэ тхылъхэр. Абы и лъэныкъуэкІэ ПхытІыкІым и тхылъыр нобэ дызыхуэныкъуэщ икІи дэтхэнэ зы унагъуэми ильыпхъэщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.



Дадэ и жыг хадэ

Зы жыг хадэ
ИгъэкІащи дадэ,
Къыпымыкі щыІэу
Мыхъу си фІэщ.
Кхъужь джабэплъхэр
Къопсэлъэным хуэдэщ,
Мыіэрысэр
Къыпыблэлу фІэлъщ.

Бжьыхьэр зэсым
Ди деж фыкъеблагъэ,
Дадэ зэи ищІыркъым
Мыщіыху.
КьигъэкІахэм феплърэ
Фигу ирихьым,
СощІэр, фигъэшхынущ
Фырикъуху!

Дэнэ кІуа?

Дэнэ щыІэ?
Дэнэ кІуа?
Си топ цІыкІур
Щхьэ кІуэда?
Ядыгъуа?
Псым ихьа?
ЩІыр зэгуэхуу
Яку дэхуа?

Дэнэ укІуэ?
Дэнэ кІуа?
Си топ цІыкІур
Щхьэ кІуэда?
Бгъэм ихьа?
Бгым щыхуа?
Е къуэм дэхуэу
ДэкІуэда?

Дэнэ укІуэ?
Дэнэ кІуа?
Дэнэ щІыпІэ
ЩыукІуэд?
Къызожьыхьыр,
Сымыгъуэт...
Си топ цІыкІур
СфІэпсэкІуэдщ.

Нанэ и цы топыр

Нанэ и цы топым
Хъуркъым зигъэхъей -
КІущэ къыбгъурысщи,
Занщіэу зегъэтІей.

Ар емыщхьми дзыгъуэм,
КІущэ зеудыгъу,
Нанэ гу лъимытэу,
Топыр къыфІедыгъу.

Къидыгъуам нытолъэ,
Толъэ, егъэлъей.
Лъейуэ ирехужьэ,
Іуехури зелъэхъэж...

Нанэ и цы топыр
Хуабжьу кІуэдырейщ.
Ар щІэкІуэдыр зыщІэр
КІущэ джэгурейщ.

Жьындум и щэху

Уа, жьынду
Щхьэматэ!
Уей, ди дамэду!
Жэщыр щхьэ
Уи махуэ?
Махуэр щхьэ
Уи жэщ?
Дыгъэр
Уи жагъуэгъуу
Мазэр
Уи ныбжьэгъу?
Жыіэт
Щхьэусыгъуэр.
Хьэмэ
Ар уи щэху?

Хьэщіэ къокІуэ

- Нанэ, нанэ!
- Сыт, на, сыт?
- ХьэщІэ къокІуэ.
- Сыту фІыт.
КІуэ, къыдэшэ,
Ущымыт.
- Сыт жесІэнур?
- Къегъэблагъэ,
Яхуэгуфіэ,
Фіэхъус ех.
Хьэщіэ къихьэм
Уи унагъуэ,
Насып Іэджэ
Къыпхуэдэхь!

Му-му-му

Пщэдджыжьым
Жьырэ-жьыуэ
Іэхъуэ лІыжьым
«Хьоу-хьоу-хьоу!» -
ЖиІэу къуажэм
Жэму дэтыр
Къызэщіекъуэ,
Хъупіэм деху.

КъыщихужькІэ
Жэмхэр
ЛІыжьым,
Ди мамыжьыр
«Му-му-муу!» -
ЖиІэу
Нанэ
Къыхуобу.

«СІыхыт псынщІэу
Шэ пІапІу!» -
Аращ къикІыр
Му-му-муум.

Сыщхьэщытхъу?



Илъэситху
Сыхъуащи,
Схуощіэр
Сэ куэдыщэ:
Вакъэ лъэпсыр
Схуопхэ,
Хугу хьэнтхъупс
Софэф.
Пщіым нэс
Сыдобжейри,
Сыкъобжьыхьыф.
Хьэрф зытхух
СоцІыхури,
Ахэр
Сигу имыху.
«Мамэ» псалъэр
Схуотхри,
Стхам
Сыкъоджэжьыф.
Афэрым
Схуэфащэ?
Хьэмэ
Сыщхьэщытхъу?

Къыспаубыдыр си пщэм къос

Тэдж хуэмыху -
Ухъунщ щхьэхынэ!
Шхэ, умышхэм -
Гъур ухъунщ.

Щэхуу щыс
УмыІэрпхъуэру,
Уеіусэнщи -
Цыс ухъунщ!

Ухэмыхьэ -
Уитхьэлэнущ,
Утемыхьэ -
УцІэнтхъуэнщ!

КІэрыкІ кІущэм -
Уифыщіынущ,
Хьэм ушэсым -
Хьэп уищІынщ!

Уемыплъ куэдрэ
Телевизор,
Куэдрэ уеплъым -
Нэф ухъунщ!

А сымыгъуэ,
Ищіэр флъагъурэ...

Мис апхуэдэщ
Махуэ къэс -
Къыспаубыдыр
Си пщэм къос!

Сыту гугъу
Усабиину.
Ин дапщэщ
Сэ сыщыхъунур?

Мурат къыщыщІар

Зырикі - ноль

Мурат цІыкІум
Ебж Іэпхъуамбэр.
Къурегъажьэ:
- Зырикі, зы, тІу...
Бгъум нобжьсри –
Сыт телъыджэ,
Зэрыхъужьыр
Бгъущ къибжар.
Йоплъри, псори
Пытыж хуэдэщ,
Іэбэ цІыкІуэри
Зэхуэдэщ.
Дэнэ кІуа-тІэ
Зы Іэпхъуамбэр?
Къыщіедзэжри
Ебжьыж.
Ауэ бгъу
Фіэкіа мыхъуж.
Гъэщіэгъэнкъэ
А къэхъуар –
Сыт епщІанэм
Къыщыщіар?

Хэт дызышэр?

Махуэ къэскІэ
Сабий садым
Нанэ сешэ,
Сыкъеіущэж.
Ди хьэмаскІэ
КІэ бэлаци
ТщІыгъуу
НокІуэри
КъокІуэж.

Сэ къысфІощІ
Дэ хьэр зыдэтшэу,
Ди хьэ цІыкІуми
И гугъэжщ
Нани сэри
Махуэ къэскІэ
Садым дишэу
Дыкъишэж.

Си щхьэр схуэжь

Псыхъуэгуащэ,
Псыхъуэгуащэ,
ПІыгъ хьэзыру
Дыщэ мажьэ?
ЖаІэр пэжмэ,
Псыхъуэгуащэ,
Щхьэр божьыфыр
Уэ дахащэу.
Ауэ, пщІэрэ,
Псыхъуэгуащэ,
Сэ уэ пхуэдэу
Псым и лъащІэм
СыщІэсыфкъым.
Хъуну щытмэ,
Псым къыхэкІи,
Си щхьэр
Схуэжь.
Мис итІанэ
ЖаІэр пэжщ.

Сэлэт

Феплъыт,
Сэри сысэлэтщ!
Мы си фащэм
Сыт къыхуэт?!

Ехьэжьауэ
Сысержантщ,
Дамэтелъым
Телъщ дамыгъэу
Дыщэпс уагъэу,
Мызу – щы!

Сыхъупэным
Инэрал
Къысхуэтыжыр
Зы медалщ!

Джэджьей бын

Нанэ маджэ:
- Цип-цип-цип!
Къуртыр хьожэ:
- Къурт-къурт-къурт.

Зэрызехьэу
Джэджьей гуп
КъыкІэлъоджэ:
- Дзу-дзу-дзу.

Яхуепхъ нанэ
Хугу Іэбжьыф,
Зэщіащіпэ:
- Щып-щып-щып.

Зэрызохьэ:
- ЦІу-цІу-цІу!
Зозэуэжхэ:
- Пшхащ уэ тІу!

Ар сыт шхэкІэ,
Ады-дыд!
Фымызауэ,
Хугу ди куэдщ!

Хэмыхъуэ-мыхъуратІ

Махуэ къэскІэ си
машинэм
Мырамысэ изогъэшх.
Арагъэнщ
щІэмыщхьэхынэр.
Къыщижьыхькіи
мэдыхьэшх.

Ауэ зыщ сэ
къысхуэмыщІэр –
ЩІыхэмыхъуэр сыт
а Іейр!
Сыт хуэдиз
езмыгъэшхами,
Зэрыщытщ си
цІыкІужьейр.

Адакъэмрэ гъуджэмрэ

Ди адакъэр гъуджэм щиплъэм,
Ещхь гуэр къищу къыІуплъащ.
ЕуІуну щыжьэхэлъэм,
Гъуджэм къищри къыхуилъащ.

Адакъэпщым ар идэнт?
Гъуджэм губжьыр трекъутэ.
Гъуджэм итри хуимыкІуэт,
Шынэн хуейуэ къимылъытэ.

А тІур куэдрэ зэзэуащ,
Ауэ зыри къыщимыкІым,
Адакъэпщыр ину Іуэри,
Джэдхэм пагэу хыхьэжащ.

НацІэрыфэ

Ди нау кІущэ щыжейкІэ
Къыпхуэушкъым, хуэмейм.
Ауэ мамэ пщэфІамэ,
ЕлІэлІэжьыркъым жейм.

Къакіуэ, жаІэу емыджэу
Ар мэ гуакІуэм доуш,
Зыкъыщихъуэу си лъакъуэм,
Лъэіу уэрэдыр къреш.

НацІэрыфэу ди кІущэ
Мамэ ищІхэр фІэІэфІщ,
Китекетыр и куэдми,
Сэ сагъэшхыр нэхъ фІэфІщ.

Уэнжакъхъумэ

Уа, пэ Іушэ-хьэшракъ,
Нагуэ-пщагуэ, зэщыгуа,
Жыіэт мыдэ, ди уэнжакъыр
Щхьэ тІысыпІэ уэ пхуэхъуа?

Ди унащхьэр нэхъ пфІэдахэу
Адрейхэм къахэпха?
Е пщагуэжьыр жьынду хасэм
Уэнжакъ хъумэу ухаха?

Дауэ щытми, уэнжакъыщхьэм
Ущхьэуку́ъуэу утемыс.
Нэхъыфіт пщІамэ абгъуэ хуабэ –
Къыптесэнутэкъым уэс.

Жумэрэным сошхыдэ

Ей, нэкІутІэ быртІым цІыкІу,
Ди жыг лъабжьэр щІымытыкІ.
Зы щІыунэм зригъэхъуи,
Мы гъуэмб къомыр щІыным пыкІ.
ТІэн уфІэфІмэ, бжьыхьэр къэсмэ,
Дызэгъусэу хьэсэр тІынщ,
Къызэрысу гъатэр, хьэсэм
УфІэфІ псори пхуэссэнщ.
Иджыпстукіэ сыношхыдэ,
Сыношхыдэу аркъудейщ.
Си чэнджэщыр къысхуумыдэм...
Егупсыс, узэрыхуейщ!

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленниным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къ., Ленниным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.246
Заказ №73